КЕРЛАНАШ

# БархI баттахь Хорватин набахтехь латтийна ГIалгIайчуьра вахархо маьршаваьккхина

Мангал-бутт 12, 2026




Гатагажев Мохьмад-Эмин

ГIалгIайчуьра вахархо Гатагажев Мохьмад-Эмин арахецна Хорватера мухIажарийн набахтехь бархI баттахь хан йаьккхинчул тIаьхьа. Цигахь латтош хиллера иза, Оьрсийчу дIахьажон доьхкуш кхело сацам биннашехь.

Бакъонашларйархочо Дунаева Розас тхан редакцига дийцарехь, карарчу беттан 9-чохь маьршаваьккхина Гатагажев. Диаспорехь берш кхоьруш бара, кхелан сацам карахь боллушехь, иза Оьрсийчоьне дIаваларна.

"Сербихула йа цхьа кхечу некъашца иза Оьрсийчу дIавахийтарна кхоьрура тхо. Иштачу меттигашкахь шаьш лелориг цара къайладахьарна дуьнено Iалашван вогIучу стагана боккха кхерам льтта», - аьлла дийцина Дунаевас.

Цхьана Гатагажев Мохьмад-Эмина тховкIело йелла ца Iаш, Боснино, Герцеговино тIелаьцна иштта цуьнан доьзал а.

Хьалхо ГIалгIайчуьра орамаш долчу Гатагажевс, бакъонашларъярхойн гIоьнца, Хорватин Iедалша лелийначунна дуьхьал латкъам бира Европан кхеле. Цу тIехь ма-дарра охьайаздинера ГIалгIайчуьра вахархочунна Iедалхой тIаьхьабовларх а, цу бахьанашца иза даймахкара вада декхаре хиларх а, цуьнан доьзалан кхолламах лаьцна а, иштта цунна экстрадици йахь баккъалла а кхерам хиларан тоьшаллаш а далийнера. Бакъоларъйархой юкъагIортар бахьана долуш Гатагажевна экстрадици йар йукъахдаьккхира. Оцу сацамах лаьцна дийцадаьккхира гIуран-беттан йуьххьехь.

ТIамтIе хьажочуьра ведда хиллачу Нохчийчуьра вахархочунна тIехIуттуш 2024-чу шарахь Хорватерчу Ежевохь акци дIайаьхьна хилла Оьрсийчуьра жигархо Ариничев Владислав кхаа баттахь лаьцна латтийра. Маьршаваьккхинчул тIаьхьа Ариничевс "Вот Так" зорбанан гIирсе дийцира, ша латточу меттигехь Iаламат ледара хьелаш хиларх лаьцна, оьшучунна тIевалош лор а вацара бохура цо. Ежевохь Ариничевс йаьккхинчу хеначохь ворхIазза бен ара валийтина а ца хиллера иза.

Хорватихь а, Казахстанехь а тховкIело лоьхучу Къилбаседа Кавказера бахархоша дIахьедо, шайн бакъонаш шога хьоьшуш хиларх. Даймахка йуха болхахь, церан дахарна боккха кхерам лаьтташехь, миграцин хьукматаша тIе а ца лоьцуш, Оьрсийчу дIахьийсабо уьш. Оцу тIехула масех иттаннашкахь кавказхоша мацалла кхайкхийра дуьхьало йеш, ткъа Украинерчу тIаме ца вахархьама ведда хилла Нохчийчуьра вахархо беа баттахь гергга латтийра Астанара аэропортан транзитан зонехь.

Радио Маршо - Instagram

Радио Маршо - YouTube

Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю